

LEMBAR KERJA SISWA

Nama :

Kelas/Semester	IV / I
Mata Pelajaran	Bahasa Sunda
Hari/Tanggal	Jum'at, 06 Agustus 2021

E Kecap nu Saharti (Sinonim)

Sinonim téh kecap nu sarua hartina. Contona, *beunghar* méh saharti jeung *jegud*, *jugala*. Kitu deui kecap *miskin* méh saharti jeung *balangsak*, *malarat*. Sinonim gunana pikeun nerangkeun kecap nu dianggap hésé, atawa pikeun milih kecap nu leuwih merenah dina hiji kalimah.

Tengetan dua kalimah di handap!

1. *Jauh* moal burung cunduk, *anggang* moal burung datang.
2. Peuting teuing ku *jempling*, di jalan gé *simpé* naker.

Kecap jauh saharti jeung anggang. Kitu deui *jempling* saharti jeung *simpé*. Lantaran maké kecap nu béda, sanajan hartina sarua, kalimah di luhur téh leuwih beunghar kekecapanana.

Latihan 4

Téangan papasangan kecap nu saharti!

indit	terang
ngabetem	ragrag
poék	miang
murag	abdi
kadangu	jempé
kuring	weuteuh
gedé	badag
balik	meredong
nyaho	mulang
anyar	kadéngé